

# Fason nou Kapab Ede Ou

## Kontakte nou

- Si ou bezwen verifye si nou bay yon enstitisyon ki bay sèvis finansye ki gen lisans nou
- Si w bezwen tcheke enfòmasyon jeneral sou yon moun oswa yon konpayi ki ofri envestisman oswa opòtinite pou yon franchiz
- Si w gen yon plent sou yon moun oswa sou yon biznis Depatman Sèvis Bank yo kontwole
- Si w gen kesyon sou bank ou oswa sou koperativ kredi w (credit union) oswa sou lòt enstitisyon finansyè oswa sou biznis ki bay sèvis finansyè
- Si yap sezi kay ou epi w bezwen yo ede w
- Si w ap chèche enfòmasyon konsènan lajan depo sekirite sou lwaye kay



## Fason pou Kontakte Nou

- Vizite nou sou entènèt la nan [www.ct.gov/dob](http://www.ct.gov/dob)
- Rele nou nan Nimewo pou Apèl Gratis la  
**1-800-831-7225**  
(Nimewo Prensipal)  
**1-877-472-8313**  
(Si yap sezi kay ou)
- Ekri nou nan  
Department of Banking  
260 Constitution Plaza  
Hartford, CT 06103



CONNECTICUT  
Department  
of Banking



[www.ct.gov/dob](http://www.ct.gov/dob)

# Men kisa nou fè

Se Depatman Sèvis Bank yo (Department of Banking, DOB) ki kontwole endistri ki bay sèvis finansyè nan Connecticut. Nou se enstitisyon prensipal nan leta a ki kontwole tit yo, kredi konsomatè, bank ki sou kont leta ak koperativ kredi yo. Nou defann dwa konsomatè ak investisè, nou kontwole epi nou bay moun ak enstitisyon suivan yo lisans:

## Kredi Konsomatè:

- Enstitisyon ki prete lajan pou ipotèk, koutye, enstitisyon ki prepare demann kredi pou ipotèk, enstitisyon ki jere prè oswa asirè ak administratè prè ipotèk yo
- Sèvis pou kache chèk ak ajan ki transmèt lajan
- Ajans rekouvreman konsomatè
- Ajans ki regle dèt yo ak negosyatè dèt
- Konpayi ki finanse lavant
- Ti konpayi ki prete lajan
- Administratè ki okipe lajan elèv prete apatide *jyè 2016*

## Tit (Valè mobilyè)

- Tit ak opòtinite biznis yo ofri pou vann nan Connecticut
- Koutye-negosyan ak konseye sou investisman, ansanm ak ajan yo ak biwo kote yo gen sikisal yo

## Enstitisyon Finansyè:

- Bank ki sou kont leta ak koperativ kredi
- Ajans bank etranjè, sikisal yo ak biwo ki reprezante yo

## Defansè Konsomatè:

- Fòmasyon ak pwoteksyon pou investisè ak konsomatè
- Èd ou ka jwenn si yap sezi kay ou
- Litij poutèt lajan depo sekirite sou lwaye kay
- Pwoblèm avèk prè sou salè
- Abi nan rekouvreman dèt
- Fwod bankè ak fwod nan investisman

## Men kèk ti konsèy DOB ap ba nou

### Ou fèt pou:

- Tcheke enfòmasyon sou pwofesyonèl ki konn ede w ak finans ou
- Kesyon bagay yap ofri w ki “garanti” oswa “ki pa gen okenn risk”
- Tcheke dosye kredi w omwen yon fwa chak ane
- Fè atansyon avèk moun oswa konpayi kap vin ofri w pou elimine dèt ou san w pat janm mande yo
- Si w bezwen resous ak enfòmasyon, ale nan sitwèb DOB a nan [www.ct.gov/dob](http://www.ct.gov/dob)

### Piga

- Peye okenn frè davans pou prete lajan
- Peye pou sèvis ou ka fè gratis pou tèt ou
- Reponn okenn imèl kap mande w bay enfòmasyon sou finans ou
- Piga louvri okenn atachman nan imèl ou si w pa konn kimoun ki voye l

# DÈT EKONOMI ENVESTISMAN CHÈK KREDI FINANS IPOTÈK

# Pwogram Sosyal pou Konsomatè

Kòm yon sèvis pou konsomatè ak investisè Connecticut yo, DOB ofri anpil kalite pwogram edikatif nan kominote a. Anplwaye ajans la òganize prezantasyon ak sesyon enfòmasyon pou tout dimansyon gwoup moun epi yo kouvri plizyè sijè tankou jesyon kredi ak jesyon dèt, kijan pou pwoteje w kont fwod ak fòmasyon pou investisè.

Objektif efò kominotè Depatman an ap fè se pou bay konsomatè yo konesans ak zouti yo bezwen pou pwoteje finans yo ak pran desizyon ki baze sou sa yo byen konnen lè yo gen pou depanse oswa investi lajan yo swe pou li a.



## Èske w bezwen yon Prezantatè?

Si w ta renmen fè yon moun ki nan DOB vin pale nan lekòl ou oswa nan òganizasyon w, kontakte nou. Anplwaye espè nou yo pral ba ou enfòmasyon gratis, san paspouki ak lòt resous.



1-800-831-7225